

# Konje Sekirite ak Maladi Peye Sa Anplwaye yo Dwe Konnen

Nouvo amandman nan Lwa Vil New York sou Konje Sekirite ak Maladi Moun Genyen (Lwa sou Konje Sekirite ak Maladi Peye) anplas apatide 30 septam 2020 ak 1ye janvye 2021. Si ou ap travay a tan pasyèl oswa a plen tan nan nenpòt biznis nenpòt ki tay oswa yon òganizasyon benevòl oswa si ou ap travay nan yon kay nan Vil New York antanke travayè domestik, li feyè enfòmasyon sa a<sup>1</sup> pou w konprann dwa anplwaye yo. Selon lwa a, anplwaye ki pwoteje yo gen dwa pou yo itilize konje sekirite ak maladi a pou:

- sante, ki gen ladan swen ak tretman tèt yo oswa yon fanmi; epi
- sekirite, ki gen ladan chèche asistans oswa pran lòt mezi sekirite si anplwaye a oswa yon fanmi ka viktim nenpòt zak oswa menas yvolans domestik, kontak seksyèl endezirab, talonnay, oswa trafik moun.

## Anplwaye Lwa a Pwoteje/Pa Pwoteje

Pwoteje	Pa Pwoteje
<ul style="list-style-type: none"> <li>• Anplwaye a plen tan</li> <li>• Anplwaye a tan pasyèl</li> <li>• Travayè domestik</li> <li>• Anplwaye ki nan pwogram travay tanporè</li> <li>• Anplwaye ki se fanmi men ki pa pwopriyetè</li> <li>• Anplwaye ki ap viv an deyò Vil New York</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Etidyan ki nan pwogram travay ak etid federal</li> <li>• Anplwaye ki gen travay yo pwogram bous etid peye</li> <li>• Anplwaye ajans gouvènman yo</li> <li>• Fizyoterapet, ègoterapet, ôtofonis, odyolojis Depatman Edikasyon Eta New York otorize (si yo rele pou afektasyon travay jan yo vle, detèmine pwòp orè travay yo, kapab refize oswa aksepte nenpòt travay yo ba yo, epi yo peye yo yon salè mwayen chak èdtan ki omwen kat (4) fwa salè minimòm federal la)</li> <li>• Kontraktè endependan ki reponn ak definisyon yon anplwaye selon Lwa sou Travay Eta New York</li> <li>• Patisipan nan Pwogram Eksperians Pwofesyonèl yo (Work Experience Programs, WEP)</li> <li>• Kèk anplwaye pliye anba yon kontra kolektif</li> </ul>

*Remak:* Si yon patwon gen yon kontra asirans ki la deja ki pèmèt anplwaye yo itilize konje sekirite ak maladi, kontra asirans lan dwe satisfè oswa depase egzijans Lwa fè yo.

## Avi Konsènan Dwa Anplwaye yo

Si ou se yon anplwaye ki pwoteje, patwon ou an dwe ba yon Avi alekri sou dwa ou pou gen konje sekirite ak maladi. Ou gen dwa pou w resevwa Avi a ann Anglè ak nan lang ou pale a si yon tradiksyon disponib sou sitwèb DCWP a [nyc.gov/workers](#). Kenbe yon kopi Avi yo ba ou a. Patwon ou an dwe afiche Avi a tou nan espas travay la yon kote pou anplwaye yo kapab wè epi jwenn li.

## Kantite Konje Sekirite ak Maladi

Kantite Anplwaye Patwon bay Travay	Revni Anyèl Patwon an	Kantite Konje pou chak Ane Sivil*	Konje Peye oswa San Peye
1-4	Mwens pase \$1 milyon dola <b>anplas apatide 1/1/2021:</b> \$1 milyon dola oswa plis	Jiska 40 èdtan	San peye
5 oswa plis patwon sektè prive oswa òganizasyon benevòl bay travay OSWA <b>an vigè 9/30/2020:</b> 1 oswa plis travayè domestik moun ki bay moun travay nan kay anplwaye	Pa Aplikab (N/A)	Jiska 40 èdtan	Peye
<b>an vigè 1/1/2021:</b> 100 oswa plis patwon sektè prive oswa òganizasyon benevòl oswa moun ki bay moun travay nan kay anplwaye	Pa Aplikab (N/A)	Jiska 56 èdtan	Peye

\*Remak: "Ane Sivil" vle di nenpòt peryòd tan 12 mwa ki regilye epi vini youn dèyè lòt yon patwon detèmine. Avi Konsènan Dwa Anplwaye yo dwe presize Ane Sivil patwon an.

Si patwon w lan dwe bay konje sekirite ak maladi peye, li dwe peye ou tarif orè ki regilye epi ki pa mwens pase salè minimòm aktyèl la.

## Akimilasyon ak Itilizasyon Konje Sekirite ak Maladi

Ou:

- Akimile konje sekirite ak maladi depi ou kòmanse travay. Tarif minimòm akimilasyon an se 1 èdtan pou chak 30 èdtan travay.
- Kapab itilize konje sekirite ak maladi a tousuit ofiyamezi ou ap akimile li.
- Dwe resevwa nan men patwon ou an dokiman alekri chak peryòd peman ki montre kantite konje sekirite ak maladi ou te itilize, akimile, epi ou genyen ki rete.

<sup>1</sup> Note dat la nan do a. Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè Vil New York (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP) pral mete feyè sa a ajou si sa posib. Gade nan [nyc.gov/workers](#) pou w jwenn dènye enfòmasyon yo.

**Eksepsyon:** Si yon kontra kolektif ki te an vigè 1ye avril 2014 pwoteje ou, ou kòmanse akimile konje sekirite ak maladi a selon Lwa a apati dat kontra a ekspire a.

## Rezon ki akseptab pou Itilize Konje Sekirite ak Maladi

Ou ka itilize konje sekirite ak maladi a pou w kanpe travay lè:

- Ou gen yon maladi mantal oswa fizik, aksidan oswa pwoblèm sante; ou bezwen jwenn yon dyagnostik medikal, swen, oswa tretman pou maladi mantal oswa fizik, aksidan oswa pwoblèm sante; ou bezwen jwenn swen medikal preventif.
- Ou bezwen pran swen yon manm fanmi ki bezwen dyagnostik medikal, swen oswa tretman yon maladi mantal oswa fizik, aksidan oswa pwoblèm sante, oswa ki bezwen swen medikal preventif.
- Biznis patwon ou an fèmen akòz yon ijans sante publik oswa ou bezwen swen pou yon timoun lekòl oswa gadri li fèmen paske gen yon ijans sante publik.
- Oumenm oswa yon fanmi ou gendwa viktим nenpòt zak oswa menas vyolans domestik, kontak seksyèl endezirab, talonnay oswa trafik moun, epi ou bezwen pran aksyon ki nesesè pou restore sante fizik, sikolojik oswa ekonomik oswa sekirite oumenm oswa fanmi ou an oswa pou pwoteje moun ki asosye oswa travay avèk ou, tankou:
  - Jwenn sèvis nan yon chèltè pou viktим vyolans domestik, sant kriz pou kadejak, oswa lòt pwogram sèvis.
  - Patisipe nan planifikasyon sekirite, transfere, oswa pran lòt mezi pou pwoteje sekirite ou oswa fanmi ou, tankou enskri timoun nan yon novo lekòl.
  - Rankontre avèk yon avoka oswa yon pwofesyonèl sèvis sosyal pou jwenn enfòmasyon ak konsèy ki gen rapò ak gadri; vizit; pwoblèm maryaj; lòd pwoteksyon; imigrasyon; lojman; diskriminasyon nan travay, lojman, oswa kredi konsomatè.
  - Depoze yon rapò ensidan domestik nan lapolis oswa ale nan biwo pwokirè distri a.

Lwa a rekonèt moun sa yo kòm "fanmi":

- |  |  |
|--|--|
| <ul style="list-style-type: none"> <li>• Nenpòt moun ki gen rapò sere avèk anplwaye a se ekivalan fanmi</li> <li>• Timoun (byolojik, adoptif, oswa timoun nan fwaye dakèy; timoun ki sou kont sou yon responsab legal, timoun yon anplwaye nan <i>loco parentis</i>)</li> <li>• Pittit Pittit</li> <li>• Mari/Madanm</li> <li>• Moun ki plase</li> </ul> | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Paran</li> <li>• Granparan</li> <li>• Ptit oswa paran mari oswa madanm yon anplwaye oswa moun ki plase</li> <li>• Frè/sè (ki gen ladan demi frè oswa sè, frè oswa sè adoptif, oswa bëlsè/bôfrè)</li> <li>• Nenpòt lòt moun ki gen rapò san ak anplwaye a</li> </ul> |
|--|--|

## Preyavi

Si ou kapab prevwa bezwen an, patwon ou kapab egzije yon preyavi jiska sèt (7) jou pou bay entansyon ou pou itilize konje sekirite oswa maladi. Si ou pa kapab prevwa bezwen an, patwon ou kapab egzije ou bay yon preyavi pi vit posib. Patwon ou ka egzije ou bay yon prèv alekri ki montre ou te itilize konje sekirite oswa maladi a pou zafè sekirite oswa maladi.

## Dokiman

Patwon ou kapab egzije ou bay dokiman ki rezonab si ou itilize plis pase twa (3) jou travay youn apre lòt pou konje pou sekirite ak maladi. Patwon ou ka egzije:

- yon lèt yon pwofesyonèl swen sante siyen pou konje sekirite; oswa
- dokiman yon pwofesyonèl sèvis sosyal, pwofesyonèl sèvis jiridik, manm klèje a, oswa lèt notarye ou ekri pou endike ou bezwen konje sekirite a.

*Patwon ou an ka pa mande dokiman sa a presize rezon kifè ou te itilize konje sekirite oswa maladi a. Lòt lwa yo ka egzije pou pataje enfòmasyon yo.*

Patwon ou dwe ranbouse ou pou:

- frè pwofesyonèl swen sante yo mande pou bay dokiman konje maladi ki obligatwa; epi
- tout frè oswa depans rezonab pou w jwenn dokiman konje sekirite ki obligatwa yo.

## Konje Sekirite ak Maladi Ou pa itilize

Ou kapab repòte jiska 40 èdtan (oswa, si sa nesesè, 56 èdtan ki anplas apatide 1ye janvye 2021) konje sekirite ak maladi ou pa itilize pou pwochen Ane Sivil la. Sepandan, patwon ou an sèlman oblige kite ou itilize jiska 40 (oswa 56) èdtan konje sekirite ak maladi pa Ane Sivil.

## Vanjans

Patwon ou pa kapab vanje kont ou paske ou mande oswa itilize konje sekirite ak maladi: Vanjans lan gen ladan nenpòt menas, disiplin, revokasyon, desann grad, sispanson, oswa rediksyon nan èdtan ou, oswa nenpòt lòt aksyon travay negatif kont ou paske ou egzèse oswa w ap eseje egzèse nenpòt dwa lwa a garanti ou, ki gen ladan mezi ki gen pou wè ak sitiyasyon imigrasyon li apèsi oswa otorizasyon travay.

## Plent

Ou ka depoze yon plent nan DCWP: Pou jwenn fòm plent lan, ale sou [nyc.gov/workers](http://nyc.gov/workers) oswa rele 311 (212-NEW-YORK (639-9675) an deyò Vil New York).

Mizajou 11/20/2020



**Ou gen kesyon?** Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w kontakte DCWP:

- Ale sou [nyc.gov/workers](http://nyc.gov/workers) pou w konnen lwa a ak Kesyon Moun Poze Souvan yo
- Voye imèl bay [PSSL@dcwp.nyc.gov](mailto:PSSL@dcwp.nyc.gov)
- Rele 311 (212-NEW-YORK (639-9675) an deyò Vil New York) epi di "Paid Safe and Sick Leave"